# «ҲӘЎЖАР» ҚОСЫҒЫНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ДӘРЕКЛЕРИ

**К.С.Палымбетов** – *филология илимлериниң докторы, доцент*
*ӨзРИАҚб Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** фольклор, маросим, урф-одат, тўй, ёр-ёр (ҳәўжар), айтишув.
**Ключевые слова:** фольклор, традиция, обряды, свадьба, ёр-ёр ( хәўжар), айтыс.
**Key words:** folklore, tradition, rituals, wedding, jor-jor (həujar), aytıs.

Қарақалпақ халық дәстүр фольклорының бир түрин той дәстүри менен байланыслы «ҳәўжар», «яр-яр» (бул екеўи бир мәнисти анлатады – П.К.) қосықлары қурайды. Ҳәзирги күни де келин түсириў тойынан алдын қыз узатыў мәресими өткерилип, онда ҳәўжар, яр-яр қосықларын айтыў даўам етип киятыр. Дәстүр фольклорының усы үлгилери өз алдына жанр сыпатында көпшилик түркий халықлардың үрп-әдет салт-дәстүринде әййемги дәўирлерден берли бар ҳәм бул жанр үлгиси қарақалпақлардан басқа, өзбек, қазақ, түркмен, татар, тәжик, уйғыр, лақай т.б. халықлардың турмысында ушырасады. Және бул жанр түркий халықларда өзиниң миллий тиллик өзгешелигине сәйкес айтылады, мысалы, қарақалпақларда «ҳәўжар», «яр-яр» деп айтылатуғын болса, өзбек, татар, әзербайжан, «яр-яр», қырғызлар «жар-жарай», қазақлар «жар-жар», ноғайлар «хей жар», уйғырлар «нахшо», авганлар «ной-ной» деп атайды. Қарақалпақларда «ҳәўжар» ертеде «өлең» деп те айтылған болыўы керек. Себеби, профессор Қ.Айымбетов: «Ҳәўжар айтыўды бурын «өлең» деп атаған... Қарақалпақ халық легендаларында «Той баслап өлең айтты» деген сөз ушырасады...» [1:13-14], – деп жазған еди.

Шаңарақлық дәстүр фольклоры есапланған ҳәўжар, яр-яр қосықлары неке тойында, яғный ул үйлендирип, келин түсириў тойынан алдын айтылады. Яғный қыз узатыў тойы пайытында қызды үйден шығарып, күйеў тәрепке узатып салар алдында ҳәўжар айтылған. Тийкарынан шаңарақта өткерилетуғын неке тойларына байланыслы этнографиялық дәстүрлер, ритуал үрп-әдетлер ҳәм мәресимлерди тойға шекем, той күни ҳәм тойдан кейин өткерилетуғын мәресимлер деп бөлемиз. Олар турақлы әдет түсине айланған фольклор атқарыўшылығы дәстүрлери тийкарында әмелге асырылады. Усындай той менен байланыслы өткерилетуғын мәресимлерди, соның ишинде қызды узатыў пайытында орынланатуғын үрдислерди шәртли түрде екиге бөлип қараўымызға болады. Мысалы, көркем поэтик хызметине ҳәм өзгешелигине қарай, сондай-ақ, дәстүрдиң орынланыў түрине, өткерилиў орнына, қатнасыўшыларына, атқарыўшыларына ҳәм т.б. қарай бөлинеди. Неке тойында атқарылатуғын ҳәўжар (яр-яр), сыңсыў, той баслаў, бет ашар, айтым, алғыс т.б. пайытында орынланатуғын ҳәр бир этнографиялық детал, ырымлар магиялық ўазыйпаны орынлаўы менен бирге көркем эстетикалық функцияны атқарыўы жағынан да әҳмийетли. Неке тойында әмелге асырылатуғын этнографиялық әмеллердиң ҳәр бири тарийхый тийкарға ийе болып, халықтың өтмиш тарийхы, турмысы, этник өзгешелиги менен байланыслы. Усы орында өзбек халық лирикасы бойынша изертлеў алып барған, илимпаз А.Мусақуловтың: «Халықтың күнделикли турмысындағы қалың, саўшы, саўшылыққа атта барыў этнографиялық фактлери халық лирикасында сатыў, қыздың үйине қырық, яғный оннан да көп аттың байланыўы поэтикалық тропларға айланып, магиялық утилитар функциядан өсип, көркем-эстетикалық әҳмийет ийелеген» [2:24], – деп жазады. Ҳақыйқатында да неке тойының бири, яғный тойдан алдын өткерилетуғын қыз узатыў тойындағы ҳәр бир халықтың этник өзгешелигине қарай әмелге асырылатуғын этнографиялық деталлар менен қоса халықтың эстетик көзқарасы көркем поэтик ой-пикири тийкарында ҳәўжар, сыңсыў дәстүр қосықлары жүзеге келген.

Қарақалпақларда ҳәўжар айтыў дәстүри ҳаққында илимпаз Н.Дәўқараев мынадай мағлыўмат береди: «Қызды күйеўине берип жибериў ушын әкесиниң үйинен шығарар да әдетте қыз сыңсып даўыс шығарады. Буны сыңсыў дейди. Қыз кетеринде сыңсымаса оны айып санайды. Қыз бир қатар сыңсығаннан кейин қызды әкетиўге келген жигитлер қыз отырған үзигин көтерип «жыламай-ақ қойсын, болар енди. Қәне алып шығың, шығара қойың» деп даўыслайды. Буннан кейин бурында сыңсып отырған қыз енди өзиниң басындағы ҳәдийселерди қосық пенен айта баслайды. Қыздың қасында отырған қыз, келиншеклер қосықтың қайырмасына хор менен қосылып, қыздың пикирин мақуллайды. Бунындай қосықты қарақалпақ тилинде «ҳәўжар» дейди. Гейде қыздың қасындағы адамлар ямаса жарықтан қарап турған күйеў жигитлер қызға нәсийҳат ретинде қосық айтады. Гейде усы ҳәўжардың үстинде еки тәреп болып, айтыс та басланады.

Бул айтыс шийеленисип, қызғанда, күйеў жигитлер менен қыздың аўылының жасларының арасындағы айтысқа айналып та кетеди. Дәслепки ўақытта сыңсыўды, оннан кейин ҳәўжарды узататуғын қыздың өзи айтса да, соңынан айтысқа айналғаннан кейин, ҳәўжарды усындай тойларда айтып жүрген белгили адамлар айтады. Басқалар «ҳәўжар» деген қайырмасына хор менен қосылады. Ҳәўжар айтатуғын арнаўлы адамлар сол тойдағы жағдайға қарап, бурын шығарылған қосықлардан сайлап алып айтады [3:149-150], – деп толық мағлыўмат береди. Мысалда келтирилгениндей, илимпаз узатылып баратырған қыздың ҳәўжардан алдын сыңсыў қосығын айтатуғынлығы ҳаққында мағлыўмат берген. Дурыс, узатылып баратырған қыз сыңсыў қосығын айтқан, оның көркем текстлери халық арасында кең сақланған. Бизиң мақаламыз ҳәўжар қосығы ҳаққында болғанлықтан сыңсыў қосығына тоқтамадық.

Илимпазлар ҳәўжарды салт-дәстүр жырларының ең ески түри деп қарайды. Мысалы, профессор Ә.Қоңыратбаев: «тотемизмге негизленген бәдик өлеңлери жүдә ертеде гезлесетуғын қубылыс, жар-жар (ҳәўжар – П.К.) жубайлы неке туўғаннан соң пайда болады» [4:24], – дейди. Тарийхтан мәлим еки жыныстың, ер ҳәм ҳаялдың бирге жасаўы әййемги дәўирлерден саға алады ҳәм бул бир неше дәўирлерди басып өткен. У.Қорабоев: «Матриархат дәўиринде, әдетте, қыз өзине күйеў таңлаған. Лекин, қыз өз қәлеўин ҳәммеге билдириўи ҳәм таңлаған күйеўин бәршеге таныстырыўы шәрт болған. Көбинше әне усы таныстырыў пайытында яки оннан соң зыяпат берилген. Бул жағдайдың әдетке айланыўы соңынан той дәстүриниң жүзеге келиўине түртки болған. Урыўшылық дәўиринде шаңарақ жүзеге келиўи менен той дәстүрлериниң дәслепки формалары пайда болған. Той пүтин жәмәэттиң байрамына айланып кеткен. Әййемги тойлардың дыққатқа ылайық әдетлери көп болып, олардың бири – күйеў ҳәм келинниң турмыс қурыўына таярлығын сынап көриў болған [5:20], – деп жазады. Демек, матриархат дәўиринде той дәстүриниң жүзеге келиўи, онда күйеўди сынаўдың түрли әмеллериниң исלениўи, илимпаз Ә.Қоңыратбаевтың жазғанындай, бул ҳәўжар қосығының жүзеге келиўине себепши болған болыўы керек. Тийкарынан жыллар,

әсирлер өтип жәмийетлик турмыстың өзгериўи менен той мәресимин өткериў тәртиби де, оның шәртлери де өзгерип барған. Мысалы, әййемги дәўирлерде күйеўликке талабан жигит үйленбекши болған қызды жекпе-жек гүресте жеңиўи керек болған, соңынан бул шәрт өзгерип қыздың қойған шәртин талабан жигиттиң орынлаўы, яғный өзи теңлес жигитлер менен гүресиўи, оқ жайдан оқ атыўы, жыртқыш ҳайўанлар менен алысыўы т.б.менен алмасқан. Бул шәрттиң эпик көринислери қаҳарманлық дәстанлардың сюжетинде де сәўлелениўин тапқан. Соңынан заманлар өтип, поэтикалық сөз жарысы қатнасындағы дәстүрлер орын алған.

Бул дәстүрлер жоқарыда Н.Дәўқараевтың көрсеткениндей еки тәрептиң қыз ҳәм күйеў тәреп болып ҳәўжар айтысыўынан да аңланады. Ҳәўжар айтысыў сыяқлы дәстүрли жолды атқарыў үрдис болғаны менен, бул үлкен сынақ есапланған, еки тәреп ушын да поэтикалық сөзге шеберлик, талант талап етиледи. Сонлықтан да, Н.Дәўқараев: «...халқымызда айтыс жанрын үрдис тутпаған адамның өзин табыў қыйын, дәстүрде жуўаптан жеңилиў уят саналған» [6:131-132], – деп жазады. Улыўма ҳәўжар қосығының түп дәреклери, онда сынаў тәризиндеги айтыс, сөз жарысларының төркинлери әййемги дәўирлер менен сабақласады.

Өзбек тилиниң түсиндирме сөзлигинде «Яр» (қарақалпақша «ҳәўжар» – П.К.) – дос, кеўилге жақын адам, пикирлес, жәрдемши, екиншиден, «Яр» сүйикли, ашық, маъшуқа [7:45], мәнисин аңлататуғынлығы айтылады. Буннан тысқары илимпазлар тәрепинен «ҳәўжар, яр-яр» сөзлериниң келип шығыў этимологиясы ҳаққында түрли пикирлер билдирилгенлигин көремиз. Мысалы, фольклортаныўшы илимпаз М.Жўраев: “Яр-яр” атамасының қурамындағы “яр” лексемасы әййемги түркий тилде, сондай-ақ, хақас, тува, шор, қумық, қазақ сыяқлы ҳәзирги түркий тиллерде “қосық”, “ашула” мәнислерин аңлатыўшы “ир”/“йир”/“жыр” сөзинен келип шиққан” [8:6], – деп белгилесе, профессор Ж.Эшонқулов: “...шаңарақ дәстүрлериниң барлық қыры менен сыры мәўсимлик дәстүрлерди үйрениў арқалы ашылады” [9:61], – деп жазады. Усы пикирлерди басшылыққа алған илимпаз Ф.Абдирахманова: «...қосық этимологиясы өлип тирилиўши тәбият культлери менен байланыслы» [10:23], деген пикирди алға сүре отырып, башқурт илимпаз Р.Султангарееваның «Бул әййемги түсиниклер бойынша, “әлемниң “өз” ҳәм “өзге” қатламлары барлығын сәўлелендириўши, “қызлық әлеми” ўәкилиниң рамзий (символлық) өлими ҳәм оның “келинлик дүньясы”нда, яғный “өзге әлем” – күйеў шаңарағында “қайта тирилиўи” менен байланыслы көзқарасларда көринеди» [11:29], – деген пикирин келтиреди. Әййемги түсиник бойынша ҳәўжар, яр-яр, қосығының келип шығыў этимологиясы өлип тирилиўши тәбият культлери менен байланыслы екенлиги көринеди. Фольклортаныўшы М.Муродова бул дәстүр қосығының ҳәр бир бәйтинен соң тәкирарланатуғын “яр-яр” (қарақалпақша «ҳәўжар» – П.К) редифине қарағанда, жанрдың аты усы қосыққа тийкарланып ярға муражат, ярды тәрийиплеў, сыпатлаў мазмунын бериўине қарай “*яр-яр*” деб аталған» [12:19], – деп жазады.

Илимде усы сыяқлы бирин-бири толықтыратуғын түрли пикирлер бар. Мәселен, илимпаз А.Бўронов: «Тәңиришилик дининде яр тәңириниң исимлеринен бири. Кейинен усы сөзден жаратқан, жаратыўшы сыяқлы теонимлер пайда болған... Яр-яр неге айтылады? Бизинше, жар той ҳаққында хабар мәнисин берсе, екиншиден, еки ярдың бир-бирине байланысыўын аңлатады, үшиншиден болса, тәңириден, яғный «яр»дан еки жаққа тилек-тилеў дәстүри сыпатында қолланады» [13:66-69], – деп жазады. Бул пикирлерди де мақуллаўға болады, себеби, өмирге енди қәдем қойып атырған жаслардың бахтын тилеў, әсиресе, бир шаңарақтан екинши шаңараққа қәдем қойып атырған қыздың белгисиз тәғдирине жаратыўшыдан бахыт сораў аңласылады.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәўжар, яр-яр дәстүр қосықлары той мәресимине байланыслы келип шыққан ҳәм бул сөзлер әййемги илаҳий көзқараслар менен байланысады. Ҳәўжар, яр-яр сөзлериниң түп төркининде жаратыўшының қоллаўына ийе болыў, оның қәлеўи менен турмыс қурыўдың мәниси көринеди. Екиншиден жигит пенен қыз өмиринде басқа турмыс, басқа әлем басланады, яғный қыз-келин-ҳаял-ана, жигит-күйеў-әке-ата болады.

## Әдебиятлар


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.
2. Мусақулов А. Ўзбек халқ лирикаси. – Тошкент: «Фан», 2010.
3. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
4. Қоңыратбаев Ә. Эпос және оның айтыўшылары. – Алматы: «Қазақстан», 1975.
5. Қорабоев У. Ўзбек халқи байрамлари. – Тошкент: «Шарқ», 2002.
6. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
7. Ўзбек тилининг изоҳли луғати. Ж-П. –Тошкент: «Ўзбекистон Миллий энциклопедияси» Давлат илмий нашриёти, 2006.
8. Жўраев М. Ёр-ёрлар. Икки кўнгил бир бўлсин. –Тошкент: «Ғафур Ғулом» номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2016.
9. Эшонқулов Ж. Эпос ва маросим. // Миф ва бадиий тафаккур. -Тошкент: «Фан», 2019.
10. Абдирахманова Ф. Ёр-ёр маросим қўшиқларининг жанрий хусусиятлари ва бадиияти. Филол. Фанл. бўйича фалсафа доктори (PhD) илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. – Тошкент: 2022.
11. Султангареева Р.А. Башкирский свадебно-обрядовый фольклор. –Уфа: 1994.
12. Муродова М. Ўзбек никоҳ тўйи фольклорининг жанрлар таркиби ва бадиияти (Ўрта Зарафшон воҳаси материаллари асосида). Филол. Фанл. бўйича фалсафа доктори (PhD) илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация автореферати. – Тошкент: 2018. 19-б.
13. Бўронов А. Ёрга етар кун борми, ёронлар?... // Маънавий ҳаёт. –Тошкент: 2022, №3.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ халқининг оилавий никоҳ тўйи билан боғлиқ маросим қўшиқларининг бири ёр-ёр (ҳәўжар) ҳақида сўз юритилади. Қорақалпоқ халқида қизни узатиш тўйида айтиладиган ёр-ёр (ҳәўжар) қўшиқларининг пайдо бўлиш манбалари тадқиқ қилинади ва унинг пайдо бўлиши қадим даврлардан бошланиши исботлаб берилади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье освещается вид песен хәүжар, яр-яр, связанных со свадьбой бракосочетания у каракалпакского народа. Проделан анализ источников возникновения песен хәүжар, яр-яр, которые исполняются в каракалпакском народе на свадьбах замужества (выдачи девушки замуж), а также приведены доказательства тому, что данные песни берут свои истоки с далёких времен.

**SUMMARY.** The article highlights the "həujar" and "jor-jor" songs associated with the wedding ceremony among the Karakalpak people. The origins of the həujar and jor-jor songs performed at Karakalpak weddings are analyzed, and evidence is presented to demonstrate that these songs have their roots in ancient times.